



Department
of Health

Yon Plan pou Amelyore Sante nan Eta Nouyòk: Ajenda Prevansyon an



Kijan Sante Nou Ye? Kijan Nou Ka Amelyore Sante Nou?

W ap jwenn repons kesyon sa yo nan Ajenda Prevansyon (Prevention Agenda) 2025-2030 an. Se yon plan sis ane pou amelyore sante ak byennèt tout moun nan Eta Nouyòk. Depatman Sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health) te kreye l, epi yo rele l tou Plan Amelyorasyon Sante Eta Nouyòk (New York State's Health Improvement Plan, SHIP) la. Vizite: health.ny.gov/PreventionAgenda



▲ Eskane kòd la pou wè
Ajenda Prevansyon an

Ajenda Prevansyon an konsantre sou:

- Bay moun nan Eta Nouyòk yo chans pou yo rive atenn pi bon nivo sante ki posib
- Prevansyon: Sispann maladi ak rezilta negatif sou sante, oswa konsekans, anvan yo kòmanse
- Diminye disparite yo: Sa vle di, bay tout moun yon opòtinite ki jis ak ekitab pou yo gen pi bon sante posib, malgre kondisyon ki nan anviwònman yo ki afekte sante yo, fonksyònman yo ak kalite lavi yo. Pa egzanp, kote ki pa an sekirite pou mache oswa mank aksè ak manje ki bon pou sante



Yon Ti Apèsi sou Sa ki Anndan an

Lè w ap feyte Ajenda Prevansyon an, w ap wè li bay yon apèsi jeneral. Li ale pi lwen pase faktè tradisyonèl ki enfliyanse sante nou, pou l konsantre sou eleman sosyal, ekonomik ak anviwònmanal nan lavi chak jou nou, tankou kote nou rete. Ajenda Prevansyon an esplike 24 priyorite kle pou abòde pwoblèm sante, konpòtman ak pwoblèm sistèmik (pwoblèm ki soti nan fason sistèm nan fonksyone). Sa yo gen ladan povrete, edikasyon, lojman ak aksè ak bon kalite swen sante.

Kijan Ajenda Prevansyon an Fonksyone?

Ajenda Prevansyon an se yon patenarya ant Depatman Sante Eta a ak lòt moun k ap travay nan domèn sante atravè eta a. Depatman an travay avèk depatman sante lokal yo, lopital, òganizasyon ki baze nan kominote a, founisè swen sante, defansè dwa, edikatè, lòt ajans eta ak responsab politik yo. Gwoup sa yo aplike Ajenda Prevansyon an nan travay chak jou yo, epi yo itilize resous nan fason kreyatif ak reflechi pou yo abòde bezwen chak kominote.



Kijan Yo Te Kreye Li?

Nou te bezwen konnen dabò sitiyasyon sante aktyèl la nan Eta Nouyòk, ak tandans yo epi prensipal pwoblèm sante piblik yo. Nou te bezwen reflechi tou sou fason pou divize travay yo ak finansman an. Pou reponn kesyon sa yo, nou te fè yon Evalyasyon Sante Eta (State Health Assessment, SHA) a oswa yon revizyon. Sa te sèvi kòm yon gid pou prepare Ajenda Prevansyon an.



Aprann plis sou Ajennda Prevansyon an

Eksplòre sitwèb
Ajennda Prevansyon
an pou aprann plis.

Vizite: [health.ny.gov/
PreventionAgenda](https://health.ny.gov/PreventionAgenda)



Gade Prevansyon an Aksyon

Swiv pwogrè yo lè w gade
Tablodò Ajennda
Prevansyon (Prevention
Agenda Dashboard) an.

Vizite: [health.ny.gov/
PreventionAgenda
Dashboard](https://health.ny.gov/PreventionAgendaDashboard)



Kijan pou Patisipe

Nou kontan akeyi
nouvo patnè. Chèche
onglè Partnerships and
Collaboration (Patenarya
ak Kolaborasyon) lan
pou plis enfòmasyon.

Vizite: [health.ny.gov/
PreventionAgenda](https://health.ny.gov/PreventionAgenda)

